

Konnen Dwa Ou: Jwenn Tretman pou Twoub Sante Mantal ak Konsomasyon Sibstans

Depatman Sèvis Finansye (DFS) Eta New York ak Depatman Sante (DOH) Eta New York pibliye nouvo règ konpayi asirans sante yo, tankou Òganizasyon Antretyen Sante (HMO), dwe suiv lè ou bezwen tretman pou twoub sante mantal ak konsomasyon sibstans.

Règ sa yo aplike pou kontra asirans sante endividyèl ak kolektif ki sijè ak lalwa New York, tankou kontra yo achte atravè Mache Sante Eta New York la. Règ sa yo pa aplike pou plan ofofinanse anplwayè yo ki anba Lwa sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye (ERISA) yo. Règ yo ap antre an vigè pou kouvèti Medicaid Managed Care, Essential Plan, ak Child Health Plus nan dat 1ye Jiyè 2025. Pou tout lòt kontra asirans yo, règ sa yo ap antre an vigè yon fason pwogresif lè ou renouvle oswa achte yon kontra asirans nan dat pwemye Jiyè 2025 oswa apre.


Si w gen Medicare, gen lòt règ ki aplike. Kontakte Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) yo lè w rele (800)-MEDICARE, oubyen Sant pou Dwa Medicare a nan (800) 333-4114 oswa www.medicarerights.org.

Randevou Anndan Rezo a

Ou gen dwa konsilte yon founisè swen sante pou swen sante mantal ak pwoblèm abi sibstans pou pasyan ekstèn nan delè sa yo. Ou gen dwa tou pou mande yon randevou an pèsòn olye yon randevou telesante.


10 Jou Ouvrab.

Premye randevou ak yon pwofesyonèl oswa yon etablisman swen sante



7 Jou Kalandriye.

Yon randevou suivi apre w soti nan yon lopital oswa nan sal dijans



Verifye kontra asirans sante w la pou w ka genyen yon lis sèvis ki kouvri yo.

Jwenn Èd pou Jwenn Founisè Swen Sante pou Sante Mantal ak Twoub Konsomasyon Sibstans

Konpayi asirans yo dwe gen anplwaye dedye ki ka ede w jwenn yon founisè swen sante nan rezo a. Enfòmasyon sou ki jan pou w kontakte anplwaye sa yo dirèkteman, tankou yon nimewo telefòn, ta dwe disponib sou sit entènèt konpayi asirans ou an.

Si w kontakte konpayi asirans ou an nan telefòn oswa atravè imèl, li dwe ba ou yon lis founisè swen sante ki disponib nan rezo a nan 3 jou ouvrab aprè demann ou an.

Si w ta renmen chèche founisè swen sante ki disponib nan rezo a pou kont ou, ou ka konsilte anyè founisè konpayi asirans ou an. Anyè founisè a dwe genyen adrès yon founisè swen sante, sèvis li bay, opsyon telesante, lang li pale, nenpòt restriksyon pou kondisyon yo trete oswa laj yo sèvi, ak afilyasyon etablisman an. Si founisè swen sante a se yon etablisman, anyè a dwe bay detay konsènan nivo swen li ofri, tankou pou pasyan ekstèn, entèn lopital, oswa entèn lopital pasyèl.

Ou Pa Ka Jwenn yon Founisè Swen Sante nan Rezo a pou Sèvis pou Sante Mantal oswa Twoub Konsomasyon Sibstans?

Si w paka jwenn yon founisè swen sante ki nan rezo a ki kapab pran yon randevou pou ou nan delè 7 oswa 10 jou ki nesèsè a, ou gen dwa mande swen nan men yon founisè swen sante ki pa nan rezo a san okenn frè adisyonèl pou ou. Men sa ou ka fè:

- 1. Depoze yon Plent pou Aksè:** Rele konpayi asirans ou an oswa ale sou sit entènèt yo pou depoze yon plent konsènan aksè ak founisè yo.
- 2. Resevwa yon Repons:** Konpayi asirans ou an gen 3 jou ouvrab pou jwenn yon founisè swen sante nan rezo a ki ka trete kondisyon espesifik ou a epi ki sitiye nan yon distans rezonab parapò ak ou (si ou vle yon randevou an pèsòn). Yon fwa konpayi asirans ou an resevwa plent ou an, tan datant randevou a reyinisyalize. Sa vle di konpayi asirans ou an dwe jwenn yon founisè swen sante nan rezo a pou ou konsilte nan yon delè 7 oswa 10 jou apati lè konpayi asirans ou an kontakte founisè a.
- 3. Si Okenn Founisè Nan Rezo a Pa Disponib:** Konpayi asirans ou an dwe apwouve yon referans pou yon founisè swen sante ki pa nan rezo a ki satisfè egzijans yo ki anwo a epi ki pa chaje pri ki twòp oswa ki pa rezonab.

Depans nan Pòch Ou

Pou randevou nan rezo a, pa gen okenn chanjman depans nan pòch ou yo. Si w paka gen aksè nan swen nan rezo a nan delè ki nesèsè a, epi konpayi asirans ou an apwouve yon referans deyò rezo a, kopeman, ko-asirans, ak franchiz ou pou konsilte founisè swen sante deyò rezo a ap menm jan ak si w t ap wè yon founisè swen sante nan rezo a.

Si Ou Kwè Yo Vyole Dwa Ou: Depoze yon plent

Si konpayi asirans ou an pa suiv règ sa yo, ou ta dwe fè yon rekou nan konpayi asirans ou an epi depoze yon plent tou bay regilatè leta yo, jan sa a:

- Si w gen kouvèti Medicaid, Essential Plan, oswa Child Health Plus, depoze yon plent nan Depatman Sante a nan (800) 541-2831 pou Medicaid, nan (800) 206-8125 pou Medicaid Managed Care, nan (800) 698-4543 oswa lokalman nan (518) 473-0566 pou Child Health Plus, nan (855) 355-5777 pou Essential Plan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou ki jan pou w depoze yon plent nan Depatman Sante a nan www.health.ny.gov/health_care/managed_care/complaints/ oswa lè w rele (800) 342-3736.
- Si w gen yon plan asirans sante ki pa nan lis ki anwo a, depoze yon plent nan DFS sou entènèt nan www.dfs.ny.gov/complaint oswa lè w rele (800) 342-3736. DFS pral travay avèk konpayi asirans ou an pou rezoud plent ou an oswa transfere li bay yon lòt ajans leta, si sa nesèsè.
- Si w gen kesyon, ou bezwen asistans, oubyen ou vle depoze yon plent oswa fè yon rekou, ou ka chèche asistans tou nan men Medyatè endepandan Sante Konpòtmantal New York la. Ou ka kontakte liy dirèk Pwojè Aksè Kominotè nan Lasante pou Adiksyon ak Swen Sante Mantal (CHAMP) nan (888) 614-5400 soti lendi rive mèkredi, 9 a.m.-7 p.m., oswa jedi ak vandredi, 9 a.m.-4 p.m., oswa lè w voye yon imèl bay ombuds@oasas.ny.gov.

Pou plis enfòmasyon sou egzijans ak pwoteksyon pou kouvèti pou sante mantal ak twoub konsomasyon sibstans, vizite sit entènèt DFS la nan www.dfs.ny.gov/behavioralhealth.



Department of
Financial Services

Department
of Health

Office of
Mental Health

Office of Addiction
Services and Supports